दिन—रविवार दिनांक—17.04.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां पिछड़ल मुस्लिम समुदाय मे शिक्षा के बढ़ावा देबाक समर्थन कयलनि अछि। पटना के बापू सभागार मे पसमांदा कॉन्फ्रेंस के संबोधित करैत राज्यपाल कहलनि जे बक्फ के उद्देश्य चैरीटी के लेल काज करब अछि। ओ कहलनि जे वक्फ के संपत्ति सभ सँ अस्पताल, स्कूल आ अनाथालय बनेबाक काज नहि भेल अछि।

---

वक्फ संशोधनक कानूनक विरोध मे जनता दल यूनाईटेडक किशनगंज के जिलाध्यक्ष आ पूर्व विधायक मास्टर मुजाहिद आलम पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। काल्हि ओ संवाददाता लोकनि सँ कहलनि जे वक्फ कानून पर ओ जदयू के मत सँ सहमत नहि छथि। ओ कहलनि जे पार्टी के एकर समर्थन नहि करबाक चाही छल। ओ पछिला पंद्रह वर्ष सँ पार्टी सँ जुड़ल छलाह।

---

भाजपा वक्फ संशोधन कानूनक सकारात्मक पक्ष के लऽकऽ पांच मई धरि प्रदेश मे अभियान चलाओत। एकर अंतर्गत विभिन्न प्रखंड सभ मे लोकसभ सँ सीधा संवाद कयल जायत। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जासवाल कहलनि जे वक्फ के लऽकऽ विपक्ष लोक सभ के भ्रमित कऽ रहल अछि। पार्टीक अल्पसंख्यक मोर्चा के राष्ट्रीय अध्यक्ष जमाल सिद्दिकी काल्हि पटना मे कहलनि जे वक्फ कानून इस्लामक विरूद्ध नहि अछि। ओ कहलनि जे ई मामिला धार्मिक नहि अछि अपितु संपत्ति सँ जुड़ल मामिला अछि आ सरकार पारदर्शिता के लेल ई कानून बनौलक अछि। एहि सँ गरीब आ पिछड़ल मुसलमान लोकनि के लाभ होयत।

---

कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे बक्सर मे एक जनसभा के संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे देशक निर्माण मे हुनक पार्टी कतेको बलिदान देलक अछि। ओ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पर आरोप लगबैत कहलनि जे हुनक सरकार हरेक मोर्चा पर विफल रहल अछि।

———————————————————————

शिक्षा विभाग कहलक अछि जे स्कूल सभ मे कक्षा तीन धरिक बच्चा सभ के स्थानीय भाषा मे पढ़ाओल जायत। शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ कहलनि अछि जे कक्षा तीन धरिक बच्चा सभ के मैथिली, भोजपुरी सहित कतेको स्थानीय भाषा मे पढ़ाओल जायत। शनि दिन शिक्षा संवाद कार्यक्रम मे ओ कहलनि जे चेतना सत्र कार्यक्रम मे बच्चा सभ के विभिन्न प्रकारक गतिविधि सेहो सिखाओल जायत। एकर अलावे बच्चा सभ के स्वच्छता, स्वास्थ्य रक्षा के जनतब सेहो देल जायत।

———————————————————————

खेलो इंडिया युथ गेम्स दू हजार पच्चीसक प्रचार अभियानक अंतर्गत गया  मे आइ मुख्य सचिव अमृतलाल मीणा प्रचार वाहन के हरियर झंडी देखा कऽ गया आ बोधगया क्षेत्रक लेल विदा कयलनि। मुख्य सचिव अमृतलाल मीणा एहि अवसर पर अधिकारी लोकनिक संग एक समीक्षा बैसक सेहो कयलनि। ओ गया मे विभिन्न स्थान सभ पर होबऽवला खेल सभ तैयारी के जनतब लेलनि। विदित अछि जे खेलो इंडिया युथ गेम्स के आयोजन चारि सँ पंद्रह मई धरि कयल जायत। एहि दरमियान पटना, भागलपुर, बेगूसराय, गया आ राजगीर मे विभिन्न खेल स्पर्धा सभक आयोजन कयल जायत।

———————————————————————

बिहार विधानसभा चुनाव के देखैत दरभंगा जिला मे जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह जिला पदाधिकारी राजीव रौशन आइ विभिन्न राजनीतिक दलक प्रतिनिधी लोकनिक संग बैसक कयलनि। जिला निवार्चन पदाधिकारी मतदान केन्द्र पर सुचारू रूप सँ मतदान करेबाक लेल सभ मतदान केन्द्र पर बूथ लेवल एजेंट– बीएलए के नियुक्ति करबाक अनुरोध कयलनि अछि।

———————————————————————

ईसाई धर्मावलंबी आइ ईस्टर के पावनि मना रहल छथि। एहि अवसर पर पटना स्थित पादरी के हवेली सहित प्रदेशक विभिन्न गिरिजाघर मे प्रार्थना सभा आ आन धार्मिक आयोजन कयल जा रहल अछि। राष्ट्रपति, उपराष्ट्रपति आ प्रधानमंत्री ईस्टर के अवसर पर देशवासी लोकनि के शुभकामना दैत कहलनि जे ईसा मसीह के जीवन सत्य,न्याय आ करूणा के मार्ग पर चलबाक लेल प्रेरित करैत अछि।

———————————————————————

भारतीय वायु सेनाक सूर्य किरण टीम बाईस आ तेईस अप्रील के एयर–शो के आयोजन करत। एहि दरमियान यातायात प्रबंधन के देखैत बाईस आ तेईस अप्रील के जे. पी गंगा पथ पर एलसीटी घाट सँ कृष्णा घाट धरि छओ घंटा धरिक लेल वाहन सभक परिचालन बंद रहत। भोरे छओ बजे सँ बारह बजे धरि एहि क्षेत्र सभ मे वाहन नहि चलत।

———————————————————————

अररिया जिला मे अपराध नियंत्रणक लेल चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत विभिन्न थाना क्षेत्र सभ मे बावन फरार अभियुक्त सभ के गिरफ्तार कयल गेल अछि। ओतहि जिलाक सोनमणी गोदाम आ सिकटी थाना क्षेत्र सँ पुलिस भारी मात्रा मे नेपाली शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे पश्चिमी विक्षोभक सक्रियता मे कमी बनल अछि। एहि कारण उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे अगिला चारि दिन मे राज्यक बेसीतर जिला मे उच्चतम तापमान मे चारि डिग्री सँ छओ डिग्री के क्रमिक वृद्धि हेबाक संभावना अछि। ओतहि किशनगंज, कटिहार आ पूर्णियां मे एक–दू ठाम तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटा के गति सँ तेज हवा के संग हल्का वर्षा हेबाक आ ठनका–खसबाक आशंका अछि।

———————————————————————

समाप्त